



# Manyèl eleksyon

Eleksyon minisipal  
**6 ak 7 novanm 2021**

Tradiksyon koutwazi

Eleksyon minisipal **6 ak 7 novanm 2021** yo ap fèt pou mete moun nan pòs majistra Vil la ak majistra awondisman yo ansanm ak pòs konseye Vil ak konseye awondisman yo.

**103 moun** kap genyen nan eleksyon sa a **pral repezante w** pou jis rive lane **2025**. Vòt ou a ap ede pou bay Vil la direksyon.

Pou yo vote, elektè yo **dwe enskri nan lis elektoral minisipal la**.



### Ki moun ki ka vote nan yon eleksyon minisipal?

Pou yon moun ka vote, li dwe enskri nan lis elektoral la, li **dwe gen 18 lane pou pi piti** nan dat 7 novanm 2021 an epi tou respekte tout kondisyon sa yo nan dat premye septanm 2021:

- Li se **sitwayen** kanadyen;
- Li responsab tèt li (li pa sou « kiralèt »);
- Li - **rete Monreyal** epi li abite nan pwovens Kebèk depi plis pase 6 mwa;  
oubyen  
- Li se mèt yon kay oubyen li rete nan kay yon antrepriz Monreyal depi plis pase 12 mwa.

### Kòman mwen ka konnen si mwen enskri pou mwen vote?

Gade nan antèt **avi enskripsyon** an ki nan manyèl sa a. Si non w ekri ladan l, konnen ou enskri.

Ou ka **verifye si ou enskri** tou sou sit [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca).


Pou ou ka vote, non ou dwe parèt nan lis elektoral minisipal la



### Kisa mwen dwe fè pou mwen enskri sou lis elektoral minisipal la oubyen si mwen wè enfòmasyon ki sou **avi enskripsyon** an pa fin bon?

Ale nan yonn nan **komisyon revizyon** yo soti **12 pou rive 18 oktòb 2021**. Wap jwenn lis komisyon revizyon yo nan dokiman ou resevwa yo.

**Après 18 oktòb 2021, ou pap kapab enskri pou w vote ankò.**



### Mwen rete Monreyal men mwen pa ka deplase akòz pwoblèm sante. Kòman mwen ka fè pou m enskri?

Ale sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca) epi enprime fòmilè ki rele *Demande de révision à la liste électorale* (Demann revizyon nan lis elektoral la).

Rampli fòmilè a epi voye li avèk fotokopi yon dokiman ki ka jistifye pwoblèm sante a.

Nou dwe resevwa fòmilè a pou pi ta 18 oktòb 2021. Konte delè lapòs yo lè wap voye li.

### Mwen rete nan yon rezidans prive pou granmoun, yon sant ebèjman, yon sant akèy oubyen yon lòt etablisman ki respekte kondisyon yo. Kòman mwen ka fè pou m enskri?

Ale sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca) pou w ka wè lis **etablisman ki respekte kondisyon yo** epi telechaje fòmilè ki rele *Demande de révision à la liste électorale* (Demann revizyon nan lis elektoral la).

Enprime epi rampli fòmilè a. Voye li avèk fotokopi yon dokiman ki ka jistifye kote ou rete a oubyen yon atestasyon yon responsab nan etablisman an.

Nou dwe resevwa fòmilè a **pou pi ta 18 oktòb 2021**. Konte **delè lapòs** yo lè w ap voye li.

Oubyen tou ou ka ale nan yonn nan komisyon revizyon yo soti 12 pou rive 18 oktòb 2021. Mari/madanm ou oubyen yon paran w ka fè demann la n pou ou.



### Kilè map ka vote?

Ap genyen 2 wikenn antye pou moun al vote.

**Vòt anvan lè a** ap fèt **samdi 30 ak dimanch 31 oktòb 2021** sòti 9 vè 30 nan maten pou rive 8 tè nan aswè.


Eleksyon an ap fèt **samdi 6 ak dimanch 7 novanm 2021** sòti 9 vè 30 nan maten pou rive 8 tè nan aswè.

### Ki kote pou m al vote?

Konsilte zouti ki rele « Où vais-je voter? » (ki kote pou al vote) a sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca).

Wap jwenn adrès kote pou w vote a après kèk klik sèlman.

Nou gen pou nou voye tou yon **kat rapèl** bay elektè ki enskri yo yon ti tan avan vòt anvan lè yo kòmanse.



**Mwen pa ka deplase akòz pwoblèm sante oubyen mwen se yon pwòch kap pran swen yon elektè ki pa ka deplase. Kòman mwen ka fè pou mwen vote?**

**Nou ofri vòt pa lapòs** pou elektè ki **pa ka deplase akòz pwoblèm sante** ak pou pwòch kap pran swen yo (ki rete nan menm adrès la).

Si ou vle **fè demann** vòt pa lapòs la, ranpli fòmilè ki fèt pou sa a sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca) oubyen rele nan 514 872-VOTE (8683).

Ou dwe fè demann vòt pa lapòs ou a **pou pi ta 27 oktòb 2021**.

**Mwen rete nan yon rezidans prive pou granmoun, yon sant ebèjman, yon sant akèy oubyen yon lòt etablisman ki respekte kondisyon yo. Kòman mwen ka fè pou m vote?**

**Ou ka fè demann pou vote pa lapòs pou pita 27 oktòb 2021.** Vòt pa lapòs la ranplase biwo vòt « itinèran » yo (biwo vòt ki konn deplase yo).

Ou ka chwazi al vote tou nan adrès kap enskri nan **kat rapèl** nap voye anvan vòt anvan lè yo.

**Èske KOVID-19 la ap chanje yon bagay nan dwa vòt mwen?**

**Tout konsiy sante** otorite yo pase ap **aplike** nan biwo vòt yo. Wap ka **vote nan biwo yo san kè sote**.

Si ou dwe **izole** akòz KOVID-19 la, ou ka **mande pou w vote pa lapòs soti 17 pou rive 27 oktòb 2021**. Ou ka ranpli fòmilè a sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca) oubyen rele nan 514 872-VOTE (8683) pou fè yon demann.

Moun ki nan izòlman akòz KOVID-19 ki swete fè yon demann nan yon **komisyon revizyon** dwe fè li **pa lapòs**. Dènye delè pou nou resevwa demann revizyon se 18 oktòb 2021 a 7 tè nan aswè.

**Mwen ta renmen travay nan eleksyon minisipal yo. Kisa pou m fè?**

Gen plizyè **pòs peye** ki disponib pou 30 ak 31 oktòb epi 6 ak 7 novanm 2021.

Ranpli fòmilè pou **mande travay la sou sit la**.

Ou dwe genyen **16 lane pou pi piti**, yon nimewo asirans sosyal epi yon adrès kouryèl ki fonksyone.

**Ki moun ki ka vote pa lapòs?**

**Vòt pa la pòs** la se yon **nouvote** ki mete sou pye pou elektè ki:

- rete nan yon **rezidans** pou granmoun ki respekte kondisyon yo nan Monreyal;
- **pa kapab deplase** oubyen ki se **pwòch kap pran swen** yon elektè ki rete nan menm adrès avèk li nan Monreyal;
- nan **izòlman** akòz **KOVID-19**.



**Kòman mwen ka prepare m pou mwen vote?**

Wap jwenn **lis moun ki kandida** pou katye lakay ou sou [elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca).

Nan biwo vòt yo, nou dwe pote mask oubyen kouvèti pou vizaj.

Wap bezwen retire mask ou yon ti moman pou yo ka idantifye w.

**Pou w vote, wap bezwen:**

- yon **mask** oubyen yon kouvèti vizaj;
- yon plim nwa oubyen ble oubyen yon kreyon;
- Kat asirans maladi w, lisans machin ou, paspò kanadyen w, sètifika endyen w **oubyen** kat lame Kanada w.

**Tout moun ka ale** nan biwo vòt yo. Kontakte nou si w bezwen plis enfòmasyon sou zouti ki ap ede w ekzèse dwa vòt ou.



**POU W KONTAKTE NOU**

514 872-VOTE (8683)

[elections.montreal.ca](https://elections.montreal.ca)

[elections@montreal.ca](mailto:elections@montreal.ca)

nan yonn nan 25 pwen sèvis Eleksyon Monreyal yo

**POU W SWIV NOU**

